



Pou Piblikasyon Imedya: 23/03/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AJANS SANTE AK IJANS ETA YO REPONN AK ENSANDI NAN ETABLISMAN SWEN POU GRANMOUN NAN KONTE ROCKLAND**

***Mande Depatman Sante Eta a, Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans lan, ak Polis Eta a pou bay sipò epi mennen ankèt sou koz dife a***

Pi bonè maten sa, Gouvènè Andrew M. Cuomo te mande Depatman Sante a (Department of Health, DOH), Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans lan (Division of Homeland Security and Emergency Services) ak Polis Eta a pou ede Ponpye Spring Valley ak Biwo Cherif Konte Rockland lan apre yon dife pandan lannwit nan Evergreen Court Home for Adults nan Spring Valley, Konte Rockland. Dife a te mennen nan evakyasyon konplè rezidan ak anplwaye yo.

"Dife pandan lannwit la nan Evergreen Court Home for Adults nan Spring Valley nan Konte Rockland vrèman alaman, epi pi bonè maten sa, mwen te mande ajans eta yo pou ede nan repons ijans lan.

Anplwaye Depatman Sante yo sou plas pou asire transfè ki apwopriye, nan tout sekirite plis pase 100 rezidan nan lòt etablisman epi fasilite notifikasyon ki apwopriye bay fanmi yo. DOH nan kontak ak divès founisè ki te vini ak òf pou aksepte rezidan yo epi bay sipò siplemantè jan sa nesèsè. Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi (Office of Fire Prevention and Control), Depatman Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans lan te voye Anketè Ensandi Eta a pou ede nan investigasyon sou koz ak orijin dife a, epi Polis Eta a sou plas pou sipòte koleksyon prèv yo. Biwo Jesyon Ijans Eta (State Office of Emergency Management) a an kontak ak tout ajans entèvansyon yo pou sipòte jan sa nesèsè.

Nan non fanmi New York yo, kè mwen kase pou sila yo ki pèdi pwòch yo nan dife a, e nou priye ke tout lòt moun ki enplike yo an sekirite. Eta a ap kontinye bay tout sipò ki nesèsè pou asire ke sa rive."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)